

Trete Sintom COVID-19 yo

COVID-19 la gen menm sintom avek yon grip men yo kapa pi se vè toujou.

Sintom COVID-19 ki espesifik yo:

- La fyèv: ki plis pase 100.4 epi ki mele ak lòt sintom
- Tous
- Difikilte pou respire
- Dyare
- Vomisman

Kijan pou w trete sintom yo lakay ou:

- Repozew
- Bwè anpil likid tankou (dlo, te cho, soup, ect)
- Benyen ak dlo cho oubyen twalèt
- Mete viks sou lestomak ou
- Fe vaporizasyon la nwi
- Gagari dlo sèl ki cho pou ka ede w ak tous la
- Lave men w souvan, sitou avan e apwè ou sot nan twalet. Siye tout kote ou te touche nan twalèt la
- Rete lakay ou epi rete lwen moun ki nan fanmi w ak bèt yo tou.
 - Sa vle di lwen (fanmi, timoun, gran moun, etc. Li inpòtan pou sekirite yo. Gran moun plis riske pou COVID-19 la.

Fason pou redwi la fyèv:

- Plase yon twal ki mouye ak dlo fwèt 3 kote
 - Deyè kou w, amba zesèl yo, epi na lenn
 - Chanje twal yo pou mete lòt lè yo vinn cho.
- Epi ou ka pwan tilenol, acetaminofèn, epi ibopwofèn
 - Timoun yo ak kelke gran moun kapab bezwen yon dozaj ki differan sitou sila ki gen kondisyon ki kwonik yo. Rele yon doktè pou w ka mande konsey

Kilè pou w soti nan izolasyon an (selon CDC):

Moun ki gen sintom COVID-19 la epi kite rete lakay yo nan izolasyon, kapab sispann izolasyon an selon kondisyon sayo, avek pèmision doktè w:

- Si w pa gen la fyèv pandan 72 ze (sav le di 3 jou san ou pa pwan medikaman pou fyèv la.
- Lè lòt sintom yo soti. Tankou (tous ak mal pou respire a) ape.
- moin apwe sintom yo finn ape (pa ekzamp, sintom yo te komanse samdi donk map soti nan izolasyon lòt samdi)

Si w ranpli kondisyon sayo tanpwi rele doktè w pou pèmision pou w soti nan izolasyon

Kilè pou w mande swen medical pou sintom yo:

Rele avan w vini

Rele doktè pou l ka ba ou konsèy:

- Si w pakab kenbe respirasyon pandan ou nan repo oubyen ou santi pwoblem pou w repire a vinn pi mal
- Si apwe ou finn touse li difisil pou w respire
- Si la fyèv la kontinye ap monte pandan wab pwan medikaman.

Si w bezwen èd an ijans rele 911 epi dekri sintom yo.